

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskrisikeun interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMPN 1 Bandung. Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMPN 1 Bandung, ari data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah atawa kecap nu ngalaman interférénsi dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 Bandung. Ieu panalungtikan téh ngadéskrisikeun: a) Interférénsi grafologis dina nuliskeun éjaan basa Inonesia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, b) Interférénsi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, c) Interférénsi morfologi dina wangun kecap basa Indonesia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, d) Interférénsi sintaksis dina adegan frasa jeung kalimah basa Indonesia kana basa Sunda dina surat pribadi siswa, jeung e) faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi dina surat pribadi siswa. Anapon tatapan dina ieu panalungtikan téh nyaéta téori interférénsi Weinreich anu ngabagi interférénsi kana tilu widang nyaéta widang fonologi, léksikal, jeung gramatikal. Méthodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan méthodeu déskriptif. Anapon instrumen anu digunakeunna nyaéta lembar tés, kartu data jeung angkét.

Dumasar hasil analisis ieu panalungtikan, dina 34 surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMPN 1 Bandung, kapanggih aya kecap, frasa, kalimah nu ngalaman interférénsi. Éta interférénsi téh aya dina wangun fonologi, léksikal, gramatikal (morfologi jeung sintaksis). Dina wangun fonologi aya 6 pola nyaéta ngaganti foném vokal, ngaganti foném konsonan, nambah foném konsonan, kurang engang, maké foném konsonan jeung foném vokal asli, ngaganti foném vokal jeung ngaleungitkeun foném konsonan. Dina wangun léksikal nu ngalaman interférénsi kapanggih dina warna kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap pancén. Dina wangun morfologi kapanggih ina tataran kecap rajékan jeung kecap rundayan. Dina wangun sintaksis

**Ariska, 2016**

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya dina wangun frasa jeung wangun kalimah. Anapon faktor anu ngabalukarkeun ayana interférensinya dumasar hasil angkét anu dibagikeun ka siswa nyaéta jarangna digunakeun basa Sunda dina komunikasi, lantaran rata-rata basa nu digunakeun ku siswa dina komunikasi sapopoé nyaéta basa Indonésia jeung basa campuran, nu éstu ngagunakeun basa Sunda mah ukur saeutik. Sok sanajan indung bapana pituin Sunda, tapi waktu nyarita mah éta siswa téh ngagunakeun basa Indonésia atawa campuran.

## **5.2 Saran**

Ieu panalungtikan téh mobiga sababaraha saran pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, jeung guru di sakola. Keur mahasiswa ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan bacaeun utamana ngeunaan interférensinya. Keur panalungtik satuluyna dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi référénsi ngeunaan panalungtikan interférensinya, sarta panalungtikan satuluyna dipiharep leuwih lengkep, sumber datana teu ngan saukur hasil tulisan tapi ogé lisan. Keur guru di sakola, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan téh guru bisa merhatikeun deui siswa dina ngagunakeun basa Sunda, sngkan teu loba teuing siswa anu salah dina ngagunakeun basa Sunda.

